

Salè Minimòm pou Travayè Fasfoud 31 Desanm 2017 jiska 30 Desanm 2018

\$13.50

\$11.75

Yon nouvo salè minimòm pou travayè fasfoud yo pral antre anvigè apati 31 desanm 2017, avèk salè pa èdtan ki endike anwo a. Salè pa èdtan sa yo pral ogmante chak ane jouk lè yo rive \$15.00 dola nan fen ane 2018 pou Vil New York ak nan mitan ane 2021 pou rès eta a. Fich enfòmasyon sa a bay lòt enfòmasyon sou nouvo salè minimòm sa a.

Kisa yon Restoran Vann Fasfoud ye?

Yon restoran fasfoud se nenpòt biznis ki satisfè kritè ki endike anba la yo:

- Sèvis sitou manje oswa bwason, tankou kafe, restoran kote yo vann ji, restoran kote yo vann beyè, ak palwa krèm glase; epi
- Ofri sèvis limite, kote kliyan yo fè kòmman epi peye anvan yo manje, tankou restoran ki gen tab men san sèvis tab konplè, ak kote ki bay sèvis manje pou pote sèlman; epi
- Se pati yon chèn 30 kote oswa plis, tankou restoran moun posede poukont yo ki asosye avèk yon mak ki gen 30 oswa plis kote sou plan nasyonal.

Egzanp:

Kèk egzanp restoran fasfoud se Ben & Jerry's, Chipotle, Dunkin Donuts, Golden Krust Caribbean Bakery and Grill, Jamba Juice, KFC, McDonald's, Nathan's Famous, Pizza Hut, Quiznos, Shake Shack, Starbucks, Subway, Taco Bell, Tim Hortons, Uno Pizzeria & Grill, Wendy's, ak White Castle.

Yo te pibliye yon pi gwo lis biznis nan Rapò ak Rekòmandasyon Komisyon Salè, epi li disponib sou sitwèb www.labor.ny.gov/fastfoodwageboard. Lis sa a ka chanje epi li la pou bay kèk egzanp patwon yo kwè ki se restoran fasfoud.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou definisyon yon restoran fasfoud ak sa yo konsidere kòm yon chèn, tanpri gade Règleman Endistri Ospitalite ki disponib sou sitwèb www.labor.ny.gov/formsdocs/wp/CR146.pdf.



Kalandriye ogmantasyon yo okonplè nan salè minimòm pa èdtan pou travayè fasfoud endike anba la a.

Dat la	Vil New York	Rès Eta a
31 Desanm 2017	\$13.50	\$11.75
31 Desanm 2018	\$15.00	\$12.75
31 Desanm 2019	\$15.00	\$13.75
31 Desanm 2020	\$15.00	\$14.50
1ye Jiyè 2021	\$15.00	\$15.00

Kesyon Moun Poze Souvan:

Ki kalite travayè ogmantasyon nan salè minimòm sa a afekte?

Chanjman sa a afekte tout moun k ap travay nan yon lokal chèn fasfoud ki satisfè kritè ki dekri nan Paj 1. Ogmantasyon sa a aplike pou travayè ki prepare manje, ki bay sekirite nan travay, ki estoke etajè yo, ki netwaye, epi ki fè lòt travay.

Èske chanjman sa a aplike pou yon pwopriyete yon kote ki gen yon franchiz senp?

Chanjman sa a aplike pou tout lokal chèn fasfoud, kèlkeswa posesyon an, si gen 30 kote oswa plis sou plan nasyonal.

Èske tarif ranbousman kredi pou repa ak antretyen inifòm diferan pou travayè fasfoud pase pou lòt travayè Endistri Ospitalite?

Non, tarif sa yo se menm pou travayè fasfoud yo ak travayè lòt ospitalite.

Ki egzijans ki genyen pou peye salè pa èdtan pou prezans ak repatisyon èdtan?

Travayè fasfoud yo dwe satisfè kondisyon salè pou prezans ak repatisyon èdtan yo nan salè minimòm pa èdtan ki anvigè pou travayè fasfoud yo.

Èske travayè fasfoud yo kalifye pou salè pou travay siplemantè?

Wi, travayè fasfoud yo dwe touche nan yon fwa ak yon mwatye salè regilye pa èdtan pou nenpòt kantite èdtan yo travay apre 40 èdtan pa semèn.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

Si ou bezwen èd siplemantè, oswa si ou vle depoze yon plent, tanpri rele:

1-888-4NYSDOL (1-888-469-7365) oswa ale sou sitwèb: www.labor.ny.gov/minimumwage.